

Kote Marengwen yo Viv ak Repwodui

Marengwen yo ponn ze yo nan oswa toupren dlo, epi pwojeniti yo "grandi" nan dlo a anvan yo parèt kòm adilt ki vole ak mòde. Poutèt sa, ou kapab kontwole marengwen yo lè ou kontwole dlo a. Anpil kalite marengwen, tankou sa ki kapab transmèt maladi, ponn ze yo nan menm ti kantite dlo-dòmi ki akote kay tankou po flè, basen zwazo ak kawotchou yo jete. Lòt yo ponn ze yo nan ti madlo oswa nan lòt kote ki gen dlo. Marengwen adilt yo, lè y ap vole, yo poze sou move zèb, zèb ki wo ak pyebwa ki gen fèy ki byen ranje ak lòt zòn ki pwoteje.

Aktivite Marengwen

Kèk marengwen pi aktif ant lè aswè kòmanse ak granmaten nan moman lè a kalm ak lè femèl yo pi ka mòde. Lòt yo ap mòde nenpòt lè nan jounen an.



Pwoteje Tèt ou pou Marengwen Pa Mòde Ou

Pifò marengwen yo pa enfekte avèk viris ki bay maladi. Men, pou redwi risk pou marengwen mòde ou, fè etap ki endike anba la yo:

- Kouvri po ou nèt otank posib. Mete soulye ak chosèt, pantalon long ak yon chemiz manch long lè ou deyò pou anpil tan oswa lè marengwen yo pi aktif.
- Sèvi ak pwodui anti-marengwen, ou ta dwe toujou pase sou kò ou dapre enstwiksyon ki nan etikèt yo.
- Kouvri pousèt bebe avèk moustikè lè ou deyò.
- Rete andedan lè solèy la leve, lè solèy la kouche, ak bonè nan aswè lè marengwen yo pi aktif.
- Fèmen pòt yo epi asire fenèt yo gen griy sou yo.

Itilize Pwodui Anti-Marengwen yo Kòrèkteman

Itilize pwodui anti-marengwen ki anrejistre nan EPA:

- Ou kapab pase DEET (N,N-diethyl-m-toluamide) sou po ou ki ekspozè. Pwodui ki gen 20% DEET oswa plis kapab bay pwoteksyon ki dire jiska anpil èdtan. Itilize konsantrasyon ki pi fèb w ap bezwen pou tan w ap pase deyò a. Ou pa ta dwe sèvi avèk pwodui ki gen plis pase 30-35% DEET.
- Picaridin se yon engredyan san koulè, ki prèske pa gen odè epi ou kapab pase sou po ou ki ekspozè. Pwodui ki gen ant 5 ak 20% engredyan aktif kapab ba ou pwoteksyon kòm sadwa.
- Pwodui ki gen lwil ekalipris (oil of lemon eucalyptus, OLE), p-menthane 3,8-diol, oswa IR3535 kapab pwoteje po ou tou.
- Permethrin se yon pwodui anti-marengwen yo itilize pou trete twal. Ou kapab trete rad, soulye ak ekipman kan oswa ou kapab achte yo trete davans avèk permethrin. Pwoteksyon li kapab dire avèk anpil lavaj. Pa janm pase permethrin sou po ou.

Pran prekosyon sa yo lè w ap itilize pwodui anti-marengwen:

- Li enstwiksyon ki nan etikèt la epi swiv yo.
- Evite itilizasyon pwolonje ak egzajere pwodui anti-marengwen yo.
- Pa kite timoun pase pwodui anti-marengwen sou kò yo poukont yo. Pa pase pwodui anti-marengwen dirèkteman sou po timoun--pase pwodui anti-marengwen yo nan men ou epi answit pase li sou pitit ou. Pa pase pwodui anti-marengwen nan men timoun yo.
- Pa pase li toupren zye, nen oswa bouch ou epi itilize li avèk moderasyon bò zòrèy ou.
- Pa pase li sou po ki gen brili solèy, ki blese, ki grafouyen oswa ki irite.
- Apre ou retounen andedan, lave po ou ak rad ki trete yo.
- Si ou kwè yon moun gen yon reyaksyon negatif nan yon pwodui anti-marengwen, lave kote ki trete a imedyatman. Answit kontakte pwofesyonèl swen sante ou oswa sant kontwòl pwazon.
- Konsève pwodui anti-marengwen yo lwen kote timoun ak bèt kay kapab jwenn yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason pou pa pran maladi marengwen bay, kontakte depatman sante lokal ou. Ou kapab jwenn enfòmasyon pou pran kontak pou depatman sante lokal ou depi ou ale sou sitwèb Depatman Sante (Department of Health) nan www.health.ny.gov.



Department
of Health

health.ny.gov
[facebook/NYSDOH](https://www.facebook.com/NYSDOH)
[twitter/HealthNYgov](https://twitter.com/HealthNYgov)

Marengwen ak Maladi



Department
of Health